

KISA DESTINASYON 2040 LAN YE?

Destinasyon 2040 lan se plan transpò alontèm Òganizasyon Planifikasyon Metwopolitèn (MPO: Metropolitan Planning Organization) Rejyon Boston nan—yon plan ki defini vizyon, bi ak objektif pou planifikasyon transpò nan rejyon Boston nan pou de pwochen deseni yo. Lè l itilize previzyon finansman federal yo, Destinasyon 2040 lan priyore depans sou pwojè transpò, pwogram investisman ak etid planifikasyon yo pou abòde bezwen mobilite ki la deja ak sa yo prevwa yo.

KOUNYE A NOU VLE TANDE VWA OU!

Bouyon *Destinasyon 2040* lan disponib pou kòmantè piblik la e nou vle tandè kòmantè ou! Revize plan an anliy pou aprann plis sou bostonmpo.org/lrtp.



PATISIPE NAN ANKÈT NOU AN
Bay kòmantè ou lè w patisipe nan ankèt la sou sitwèb MPO a sou bostonmpo.org/lrtp-dev.

SOMÈT YON KÒMANTÈ

Pibliye yon kòmantè nan fòmilè kòmantè *Destinasyon 2040* lan nan bostonmpo.org/contact.



RETE ENFÒME

Enskri nan lis imel MPO a epi swiv nou sou Twitter nan [@BostonRegionMPO](https://twitter.com/BostonRegionMPO).

VIZITE TAB NOU AN

Staf MPO a ap patisipe nan divès aktivite sansibilizasyon. Chèche [@BostonRegionMPO](https://twitter.com/BostonRegionMPO) sou Twitter ak kalandriye rankont MPO a pou jwenn yon aktivite ki bon pou ou.

ENVITE NOU

Kontakte nou sou publicinfo@ctps.org si ou ta renmen pou staf MPO a visite oubyen patisipe nan yon rankont.



Pou aprann plis sou MPO Rejyon Boston nan, vizite sitwèb nou an nan bostonmpo.org.

destination 2040



KIJAN MPO A DEVLOPE DESTINASYON 2040 LAN?

EVALYASYON BEZWEN YO

Staf MPO a fè yon Evalyasyon Bezwen pou egzamine

- kijan moun deplase;
- kondisyon enstalasyon transpò yo;
- entèraksyon sistèm transpò reyon an ak anviwònman natirèl ak sa ki konstui a; ak
- bezwen transpò alavni reyon an.

KONTRIBISYON PIBLIK

Atravè sansibilizasyon piblik fizik ak anliy, nou poze moun yo kesyon sou bezwen transpò yo epi chèche kontribisyon sou objektif, pwojè ak pwogram MPO a pwopoze yo. Bezwen moun ki gen enterè yo fòm vizyon MPO a.

VIZYON

MPO Rejon Boston nan Anvizaje yon sistèm transpò modèn epi ki byen antretni ki kore dirabilite, sante, vivabilite ak yon reyon ki dinamik sou plan ekonomik. Pou reyalize vizyon sa, sistèm transpò a dwe gen sikirite epi solid; enkli teknoloji k ap emèje yo; epi bay aksè ki jis, mobilite ki ekselan ak opsyon transpò ki varye.

PLAN DEVLOPMAN

Lè n konbine analiz yo ak kontribisyon piblik la, MPO a te devlope yon plan ki sèvi kòm dokiman gid pou investisman transpò kowòdone yo nan reyon Boston nan. *Destinasyon 2040* lan mete aksan sou mentnans ak rezistans sistèm transpò a, ki genyen ladan l pwojè ki sipòte enfrastrikti pou bisiklèt, pyeton ak sikilasyon, ansanm ak gwo amelyorasyon wout.

KI OBJEKTIF DESTINASYON 2040 LAN?



SEKIRITE



SISTÈM
KONSÈVASYON
AK
MODÈNIZASYON



JESYON KAPASITE
AK MOBILITE



LÈ PWÒP AK
KOMINOTE KI
DIRAB



EKITE TRANSPÒ



VITALITE
EKONOMIK

KI KALITE PWOJÈ AK PWOGAM ENVESTISMAN DESTINASYON 2040 LAN FINANSE?



AMELYORASYON ENTÈSEKSYON

Modènize siyalizasyon ki la deja yo
Rakousi kafou yo pou pyeton yo
Amelyore twotwa yo



FINI RI YO

Kreye twotwa ki kontini
Enstale vwa pou bisiklèt ak pis
Konstwi vwa ki rezève pou bis ak amelyorasyon nan wout ki asosye yo



TRAJÈ REZO BISIKLÈT AK PYETON

Devlope rezo bisiklèt la
Kreye nouvo wout izaj pataje
Mete anplis amelyorasyon ki apeze trafik yo



KONEKSYON KOMINOTÈ

Mete anplis koneksyon premye ak dènye kilomèt
Ogmante paking machin ak bekan toupre estasyon transpò an komen yo
Enstale siyalizasyon ak lòt sy oryantasyon



MODÈNIZASYON SIKILASYON

Amelyore estasyon yo
Konstwi asansè
Konstwi pou rezilyans klimatik



GWO ENFRASTRIKTI

Pwolonje liy chemen fè yo
Amelyore estasyon yo
Konstwi pwojè Ri Konplè a gran echèl